Rewum Italie

MINISTERO DELL'INTERNO

euaa EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# SAY ÀQ AK SAY YELLEEF CI ÑU DALAL LA



## Xibaar bii soxal na la bu fekkee ni:

- amaguloo 18 ci ay at
- ñëw nga ànd ak sa wa-jur wala sa ñaari wa-jur
- yaw ak sa wa-kër bindu ngeen ngir am làqquwaay (ñu gën ko xamee ci kaarange bitim réew) ci rewum Italie

WOLOF

# YI TEERE BI LÀQQ

Yaw ak sa wa-kër yeena ngi ci kaarange ci biir réew mii 3

Kan moo la mëna dimbali? 3

lan ngay jot yaw ak sa wa-kër? 4

sañ-sañu wergi yaram 6

xamalal ligeeykat yi 7

Lan mooy saytu njariñ bu gën? 8

sañ-sañ ci jàng 8

sañ-sañ ci ligeey 9

Sa kayiti sàkku làqquwaay 9

fan ngay dal yaw ak sa wa-kër? 10

Lan nga mëna def bu amee kenn ku lay toroxal? 11

Yan ci wareefi dalal ngeen am yaw ak sa waa-kër? 12

Lan mooy xew bu fekkee yaw wala sa wa-kër sàmmoowuleen ak seeniy wareef? 13

Tërëlin yi ngir bindu ngir am kaarange bitim réew ak ngir tukki
ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob 14

lan mooy xew boo dawee yaw ak sa waa-kër ci benn ci yeneen réew yu
réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin? 15


Kan moo la mëna dimbali yaw ak sa waa-kër bu fekkee nangu
wu leen dogal bu kilifa yi jël? 16

Lan mooy xew bu amee ndimbal yu soppeeku? 16

Say xibaari jokkoo 17

Yaw wala sa wa-kër waxoon ngeen kilifa yi ni mënoo leen dellu ci seeniy réew ndax da ngeen nekk di jege lorange te da ngeen bindu ngir am làqquwaay. Yaw ak sa waa-kër da ngeen nekk di wut làqquwaay ci Rewum Italie.

## KAN MOO LA MËNA DIMBALI?



Ci Órob, kepp ku amagul 18 ci ay at jàppeenañu ko ab xale te amna sañ-sañu jot **ndimbalu jagle.**

Diir bi ngay dal ci réew mi, ligeeykat yii ñuy bëga lim mën nañu la dimbali, ci misaal:

- Ab **ligeeykat ci wàllu dundin ci askan wi** dina leen dimbali yaw ak sa waa-kër ci seen soxla yi ngeeniy am bes bu nekk wala nga woo yeneen ligeeykat yu mëna dimbali ci ay jafe-jafe yu ñu ràññee.
- Ab **doktoor** wala **fajkat** dina la dimbali boo tawatee, boo amee gaañu-gaañu wala boo soxla wee bepp xeetu taxawu ci wàllu paj.
- Ab **fajkat ci wàllu xel** dina la dimbali boo nekee ci tiis, boo meree, boo titee, boo yoqqatee wala boo amee jafe-jafe ci nelaw.
- Ab **xelalkat ci wàllu yoon** dina la dimbaliak sa waa-kër ngir ngeen xam lan mooy xew ci diiru toppatoo bindu bi ngir am làqquwaay ak bu fekkee na ngeen jàpp ni dàmmoo wuñu ak seeniy àq.
- Ab **firikatu làkk** mën nalaa dimbali ci nga waxee ci làkk bi nga degg. Seen ligeey mooy firi say wax ak waxi ñeneen ñi ni ñu ko waxee.
- Diangale kate yi dinanioula dimbali Si ndiangoum lakk bi akk diangoul kham kham


Ndax da ngaa am ab jafe-jafe? Mën nga sàkku ligeeykat yi saa su nekk ndimbal ak taxawu. Bul ragal jafa-jafe yi mën nañu ko bokk saafara.

## LAN NGAY JOT YAW AK SA WA-KËR?

Di ngeen jot xeetu ndimbal yu wuute ak ay jàppale ci diir bi ngay xaar kilifa yi saytu seen bindu ngir sàkku làqquwaay. Loolu lañuy woowee **dalal.**

Ngir li nga doon ndaw ak aji sàkku làqquwaay, am nga ay sañ-sañ, waaye tamit ay wareef yoo wara sàmmoo ak ñoom. Yooyu leeral nañu leen ci teere bi.

Boo deggul pàcci teere bi wala nga am ab laaj booy jebbal, laajal ligeeykat yi Nekk ci centre bingua nekk akk say waydiour



Diir bi ngeeniy dal ci réew mi, ligeeykat yi dinañu leen jox yeneen xibaar yu aju ci seeniy tolluwaay. Mën nga jébbal ay laaj saa bu la neexee.

**Buñu sukkandikoo ci seeniy tolluwaay, yaw ak sa wa-kër di ngeen jot:**



- foo fanaan



- dund



- ay yére



- ay jumtukaay ci wàllu setu yaram




- Sa wa-kër mën nañu jot xaalis ngir seeniy soxla yu sew.

## SAÑ-SAÑ CI ÑU TOPPATOO SA WERGI YARAM

**Kilifa yi dinañu werlu ni jot nga paj mi nga soxla.**

**Mën nga yëgal sa waa-kër ak ligeeykat yi bepp jafe-jafe ci wàllu paj boo am.** Dinañu la dimbali ci gis ab doktor wala fajkat bu ko laajee.



Bu doktoor bi jàppee ni laaj nako, dina la bindal ay garab ba noppi defloo la ay saytu-wergi yaram ca ñu seen xel màcc ci yenn wàll paj yi.

Ligeeykat yi dinañu la wax yaw ak sa waa-kër ndax da nga wara def ab saytu wergi-yaram ci ab fajkat bu wala ab doktoor.

Mën na am ñu saytu sa wergi yaram ngir joxla taxawu yi nga soxla.

Boo amee soxla bu jàmp ci wallu yoon wala ab gaañu-gaañu bu laaj paj mu gaaw, wax ko say waa-jur wala ligeeykat yi nga nekkal. Boo nekkee ci biti berab bi nga dal, mën nga woote ci buumu jokkoo jafa-jafe yu jamp yi ci nimero 112.


## XAMALAL LIGEEYKAT YI BU FEKKEE NI:







- Da ngaa tawat, gaañu wala soxla ab taxawu bu jàmp ci wàllu paj
- Da ngay jëfandikoo sineebar wala ngay naan sàngara
- Da nga mësa dund fitna wala lorange ci lu weesu wala yaa ngi koy dund fimu toll nii
- danga ëmb wala dangaa mel ni ku ëmb
- mënoo doxal sa bopp, wala dangaa am jafe-jafe degg ak giss
- danga yoqqat lool, danga am tiis, doo mëna nelaw wala dangay am ay xalaat yu bon
- danga jàpp ni nekku loo ci kaarange wala danga am kooy ragal, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam
- dañu la defloo woon loo bëggul def wala ñu ngi la koy def loo
- da ngaa yëg ni nekkuloo ci kaarange ndax sa wàllu gëm-gëm, ndax ki ngay bëgganteel, wala ndax ni ngay solo wala ni ngay defee
- sa waa-kër dañoo soxla ndimbal.



## LAN MOOY SAYTU NJARIÑ BU GËN?



Ab yengu-yengu la boo xam ni dinga fa daje ak yeneen ligeeykat yu lay laaj ay laaj ngir:

- xam say **soxla**
- jël dogal ci xeetu **ndimbal** bi nga soxla.

Loolu dina dimbali kilifa yi ñu jël dogal yu am solo, ci misaal fan ngay dal yaw ak sa waa-kër.

Mën nga wóolu fajkat bu jigeen bi, doktoor bi ak ligeeykay yi. Mën nga leen jox xibaar yepp. Amul lenn ci li ngay wax lu ñuy wax keneen kudul sa wa-kër ci lu dul sa ndigal. Fenn fuñu koy defee rek mooy bu fekkee ni sa bakkan wala bosu keneen daf ci aju.

bu fekkee bëggoo ñu yëgal say waa-jur wala ñu dugal leen ci, wax ko ligeeykat yi. Dinañu saytu say sàkkuteef te dinañu jël dogal buñu sukkandikoo ci lu gën ci yaw.

## SAÑ-SAÑU JÀNG



Ndax li nga doon xale am nga sañ-sañu jàng ak sàkku xam-xam. Bu fekkee dangay dem ekool te ngay dooga am 18 ci ay at ci diir boobu, mën nga wëyal sa njang ba njang mi jeex.

Ligeeykat yi dina ñu la dimbali ak sa waa-kër ci ngeen bindu ci ekoolu gox bi. Dinañu la xamal njangum làkk yu ñuy waajalee ekool bi ak yeneen njàng yi. Mën na am nga wara def yenn njang yi.

Ligeeykat yi dinañu la wax yengu-yengu yiy maye xam-xam, yiy beesalaat am xel ak ngir dimbali la nga mëna sàkku xam-xam, yokkute ci sa wàllu bopp ak ay xarit yu bees.

## SAÑ-SAÑU LIGEEY





Liguey. Kate. Yi ngua nekal. Dinanioula diokh ayy khibar you yess si tolouwayou ate yi ngua am.

Meune ngua liguey lou tolou 90 fane après biniou defe ladj bi si bou feke lepp diarna yone.



Bepp xale bu góor ak bu jigeen bu amagul 16 ci ay at mayu ñu leen ñuy ligeey.

## SA KAYITI SÀKKU LÀQQUWAAY



Di nga jot say kayiti bopp yu ànd ak sa tur ak ab foto.

Loolu dafay wane ni ab sàkkukatu làqquwaay nga ci réew mi. War nga ko yore saa su nekk.

Kayit yi amna solo, moytu ko reeral te bul ko jox keneen.

Kayit yii lañuy woowee.

## FAN NGAY DAL YAW AK SA WA-KËR?

Berab bi ngeen wara dal ci diir bi kilifa yi di saytu seen bindu ngir am làqquwaay mu ngi aju ci seeniy tolluwaay.



Ligeeykat yi dina ñu leen **xelal ci fan ngeen wara dal yeen ñepp**, ci misaal ci dëkkuwaay sàngam, ci taaxu sàngam ak ci boori sàngam ci réew mi.

Loolu mën na aju ci berab yi des wala ci say soxla waa-kër.

Bu fekkee sa waa-kër bëggu ñu nekk ci biir berabu dëkkuwaay bi wala dañoo bëga joge ci dëkk bi wala ci boori réew mi ñu nekk ci diir bu gatt, dañu wara laaj ndigal kilifa yi.

**Yaw ak sa waa-kër di ngeen jot ay ndimbal aki taxawu ci berab yi kilifa yi dogal rek.**

Ci lu bariwul lu muy am, mën na am ñu yobb waa-kër yi ci santar yoo xam ni duñu mëna dem ak ñëw ni mu leen soobee. Bu ngeen nekkee ci tolluwaay yooyu, ab xelalkat ci wàllu yoon ak ligeeykat yi dinañu leen taxawu.

**Moo xam fan ngeen mëna dal, am ngeen sañ-sañ ci:**




- **dalal ak sa waa-kër**



- **wutal ndimbal ngir mëna seet sa waa-kër, boo xamul fuñu nekk.**

**Am nga sañ-sañu nekk ci kaarange. Mayu ñu kenn mu:**



tiital la



saaga la



gaañ la

Ak ku mu mëna doon, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam.
Boo amee ay jafe-jafe ak say waa-jur wala ligeeykat yi, mën nga ko wax.

## LAN NGA MËNA DEF BU AMEE KENN KU LAY TOROXAL?



Mën nga wax ak nit koo wóolu, ak am mbokk, ak ku bokk ci ligeeykat yi, wala  centre dalal bingua nekk Akk loumou meune nekk Italie amna mbotay bou ress walum khale akk Digg döm bou top say yellef.

Bu amee ku la toroxal, mën nga ko wax kilifa yi ñoo ko wara dëppale ak seeniy mbir ngir bañ mu amaat. Lii lañuy woowee "jébbal ab tawat".



**Ñu bàyyi ci xel!**

Boo nekkee ci biti berab bi nga dal te nga nekk fu jege lorange, mën nga woote ci lu amul fay ci buumu jokkoo ngir jafa-jafe yu jamp yi ci 112 ci telefoŋ bumu mëna doon.

# YAN CI WAREEFI DALAL YI NGEEN AM YAW AK SA WAA-KËR?

Amna solo nga wax dëgg kilifa yi te nga nekk benn ak ñoom, bu fekkee ni sax yenn saay dafay raglu wala mu jafe ngay nettali sa mbir.

Ligeeykat yi mën nañu la dimbali bu fekkee xam nañu sa tolluwaay.



Foo mëna dal yaw ak sa waa-kër, dina am ay tërëlin yoo wara topp. Ci misaal, da ngeen wara fonk yeneen dëkkandoo yi akl ligeeykat yi te waroo leen bari coow ci waxtu dal lu yi.

Ligeeykat yi dinañu la leeral tërëlin yi ak lila ci mëna fekk boo toppu lee tërëlin yi.

Amna solo yaw ak sa waa-kër ngeen:

- Topp tërëlini berab bi ngeen dal.
- bu leen joge ci berab bi kilafa yi wax fa ngeen wara dal
- topp leen yooni réew mi, yi leen ligeeykat yi leeralal.

## LAN MOOY XEW BU FEKKEE YAW WALA SA WA-KËR SÀMMOOWULEEN AK SEENIY WAREEF?



Bu loolu amee, mën ngeen wax ci lu leer al liggéeykat nekk si fila dalal te ngeen leeral seen tolluwaay ak seeniy xalaat.

Kilifa yi dinañu saytu tolluwaay bi ginaaw gi ñu yëgalee sa waa-jur yi ndax dañu bëga jël ay matuwaay.



Ci misaal, bu amee kenn ku bokk ci sa waa-kër dafa dawee ci berabu dal bi, ci taax bi, wala ci boori réew mi ngeen nekk fi kilifa yi jël dogal ni fa ngeen wara nekk, **mbokk moomu dinañu néewal ay ndimbalam.**



Bu fekkee kenn ci say waa-kër dafay jëfee fitna, mbokk moomu mën na ñàkk ndimbal bumu nekkoon di jot. Mën na am ñu woo alkaati yi.

**Yaw ak sa wa-kër yeena ngi léegi ci rewum Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- 27 réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak
- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## TËRËLIN YI NGIR BINDU NGIR AM LÀQQUWAAY AK NGIR TUKKI CI YENEEN RÉEW YU RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB AK RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN

Ligeeykat yi réew yu booloo yu Órob yi ñoo ko wara dëppale ak seeniy mbir **dinañu la leeralal tërëlin yu am solo ci yaw ak sa waa-kër. Mën nga leen jébbal ay laaj saa bu la neexee.**




- Yaw ak sa waa-kër war ngeena dal ci rewum Italie ] te du ngeen dem ci benn ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Boo amee ay mbokk ci benn ci réew yii, kilifa yi dinañu leen xibaar ci sa sañ-sañu dajaloo ak sa waa-kër. Bul daw.

  Mën na am nga am xalaatu genn réew mi wala am ñu lay jeema dawloo. Mën na la indil lorange. Yaw ak sa waa-kër mën ngeen wax ak ligeeykat yi ci centre binioula dalal ngua wakhlene sa situation niou khelal la

- ✗ Bu ngeen dawee, dina waral ay jeexital yu baaxul ci yeen, yoo xam ni leeral nañu ko ci teere bii. Ci misaal, di ngeen jot ndimbal yu gëna néew ci beneen réew bi.
- Fàttalikul, da ngeen wara defee seen bindu ngir sàkku làqquwaay ci réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mi nga njëkka dal, ludul kilifa ya dañu sàkku ci yaw leneen.
- Benn ci réew yu booloo yu órob yii rekk wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoo wara saytu sa bindu ngir wut làqquwaay. Kilifa yi ci rewum Italie dina ñu leen wax ban réew moo warlu loolu.

Di nga jang tërëlin yi ci yeneen téere.

## LAN MOOY XEW BOO DAWEE YAW AK SA WAA-KËR CI BENN CI YENEEN RÉEW YU RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB AK RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN?




**Ci rewum Italie:**

- seeniy toppatoo ngir am làqquwaay mën nañu ko dakkal.

**Ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin:**

- kilifa yi mën nañu jël dogal ci delloo leen ci réew mi ngeen joge te amu leen ci ndigal.

Buleen kilifa yi yëgalee ni jël nañu dogal ci delloo leen, du ngeen amati yenn sañ-sañ yi, ci misaal:

- dootoo leen jotati yenn xeetu ndimbal yi.
- dootu ñu leen may ngeen ligeey.

## KAN MOO LA MËNA DIMBALI YAW AK SA WAA-KËR BU FEKKEE NANGU WU LEEN DOGAL BU KILIFA YI JËL?



Mën ngeen sàkku ndimbal ci xelalkat bi ci wàllu yoon. Ab xelalkat ci wàllu yoon nit la ku xam yooni réew mi nekk ku mëna gëstu seeniy mbir te mën leen taxawu.

Ligeeykat yi dinañu leen ci xibaar tamit ci mbiri mbootaay yu ajuwul ci genn nguur te mën nañu leen mëna jox ay xibaar aki taxawu.




Mën ngeen jokkoo ak Bànqaas buy saytu mbiri daw làqqu yi te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) saa bu leen soobee. UNHCR dafay àar nit yu ñu genne seen réew te neexu leen.

## LAN MOOY XEW BU AMEE NDIMBAL YU SOPPEEKU?

Bu kilifa yi tewal nguir gui ci deuk bingua nkk (préfecture) *dieule* dogal ci taxawal wala dàkkal yenn xeeti ndimbal yu benn mbokk di jot ndax ab tolluwaaay niki ñu ko leeralee ci xët *wara dëppale ak seeniy mbir*], mbokk moomu dina wey di jot ay ndimbal buñu sukkandikoo ci seeniy tolluwaayu bopp ak ci seeniy soxla. Dinañu mëna wey di gis ab doktoor wala ab fajkat, jot ay taxawu ci wàllu paj, yenn ndimbal *yi ñoo wara dolli ci misaal, yu mel ni dund*] ak ab berabu fanaanukaay ci berab bu kilifa yi tànn.



Bu kilifa yi jëlee dogal ci dakkal jotu ndimbal yuñu la doon jox yaw ak sa waa-kër ndax dangeen da ngeen daw dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, xeetu ndimbal bi ngeeniy jot mi ngi aju ci seeniy tolluwaay ak seeniy soxla.

Di nga mëna wey di dem ekool.

| taxawu ci wàllu paju xel | |
|---|---|
|  | |

| kaarange xale | |
|---|---|
|  | |

| [*Réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ñoo ko wara dëppale ak seeniy mbir*] | |
|---|---|
|  | Boo yëgee ni dañ la sàggane wala dangaa jege loru mën nga woote ci 119 ci lu amul fay<br>Bu sa rak/mag bu góor, bu jigeen wala sa xarit réerée mën nga woote ci buumu jokkoo [Hotline 116 000 - Missing Children Europe](#) |

| xelal, taxawu ak teewal ci wàllu yoon | |
|---|---|
|  | |

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci teere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA may ñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci weraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seem wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025